

WARTA PENTING

BAB KRATONÉ YÉHUWAH



ARTIKEL PELAJARAN KANGGO:
1 MEI-4 JUNI 2023

LAGU 34

Setya lan Manut Yéhuwah

ISINÉ ARTIKEL IKI

Kabèh sing lagi sinau Alkitab bakal nggawé keputusan sing penting, yaiku dibaptis. Ngapa kok gelem dibaptis? Ana telu alesané. Kuwi sing bakal dibahas ing artikel iki. Terus ya bakal dibahas piyé uripé awaké dhéwé sakwisé dibaptis.

Ngapa Kudu Dibaptis?

"Sabèn wong ing antaramu kudu dibaptis."—KIS. 2:38.

APA njenengan tau ndelok acara baptisan? Sing arep dibaptis semangat njawab loro pertanyaan kanggo calon baptis. Kabèh keluarga lan kancané seneng banget. Pas metu saka banyu, kabèh tepuk tangan, lan sing dibaptis kétok bahagia. Sabèn minggu ana akèh banget sing dibaptis dadi Seksi-Seksi Yéhuwah.

² Nèk njenengan dhéwé piyé? Apa saiki wis kepikiran arep dibaptis? Nèk iya, kuwi bukti njenengan wong "sing nggolèk tuntunané Yéhuwah". (Mzm. 14: 1, 2) Artikel iki khusus kanggo njenengan. Tapi nèk njenengan wis dibaptis, artikel iki ya isa nguwatké tékadé njenengan kanggo terus setya nglayani Yéhuwah. Saiki ayo ngrembug telu alesané awaké dhéwé gelem nglayani Yéhuwah.

SENENG KARO APA SING BENER

³ Yéhuwah péngin umaté "seneng nindakké sing bener". (Za. 8:19) Yésus ya péngin murid-muridé seneng karo apa sing adil. (Mat. 5:6) Kuwi berarti, kudu selalu berbuat sing bener menurut pandhangané Yéhuwah. Njenengan mesthi péngin kaya ngono. Njenengan se-

1-2. Pas ana acara baptisan, biasané suasanané piyé, lan apa sing mèh dibahas ing artikel iki?

3. Kenapa umaté Yéhuwah seneng karo apa sing bener? (Mazmur 119: 128, 163)

ngit karo kabèh sing ora bener lan ora seneng ngapusi. (**Wacanen Mazmur 119:128, 163.**) Sing seneng ngapusi kuwi Sétan, penguasané donya iki. (Yoh. 8:44; 12:31) Sétan ngapusi akèh wong bèn mikir sing èlèk soal Yéhuwah. Dhèwèké ngomong nèk Yéhuwah ora perduli karo manungsa lan ora mènèhi sing apik kanggo manungsa. (PD. 3:1, 4, 5) Nganti saiki, Sétan terus mengaruhi wong-wong. Wong-wong sing ora "seneng nindakké sing bener" bakal dipengaruhi Sétan dadi wong sing bejat. —Rm. 1:25-31.

⁴ Yéhuwah kuwi "Gusti Allah sing setya", dadi Dhèwèké selalu ngajarké sing bener karo umaté. (Mzm. 31:5) Umaté dadi ora kapusan manèh karo Sétan. Yéhuwah ya ngajari umaté bèn jujur. Hasilé, umaté dadi tenang uripé lan nduwé harga diri. (WB. 13:5, 6) Kabèh sing diajarké Yéhuwah ana manfaaté. (Yés. 48:17) Njenengan mesthi péngin terus berbuat sing bener menurut pandhangané Yéhuwah. (Mat. 6:33) Njenengan péngin wong liya ngerti nèk Yéhuwah sing bener lan Sétan tukang ngapusi. Piyé carané?

⁵ Njenengan mesthi nduwé tékad kaya ngéné, 'Aku péngin mbuktèké Yéhuwah sing bener lan Sétan sing salah. Aku péngin terus manut karo Yéhuwah merga Dhèwèké sing berhak mréntah.' Piyé carané mbuktèkké tékadé njenengan kuwi? Ndongaa janji

4. Apa buktiné Yéhuwah kuwi "Gusti Allah sing setya"? (Deloken gambar kanggo paragraf 3-4.)

5. Piyé carané mbuktèkké nèk njenengan seneng karo apa sing bener?



Kèt mbiyèn nganti saiki, Sétan terus ngapusi wong-wong bèn mikir èlèk soal Yéhuwah (Deloken paragraf 3-4)

arep nglayani Yéhuwah saklawasé terus dibaptis. Merga seneng karo apa sing bener, njenengan mesthi gelem dibaptis.

NRESNANI YÉSUS KRISTUS

⁶ Ngapa kok njenengan sayang karo Yésus? Beberapa alesané ana ing **Mazmur 45:4. (Wacanen.)** Yésus mbéla apa sing bener, mbéla keadilan, lan dhèwèké ya rendah hati. Kuwi sebabé njenengan sayang karo Yésus.

6. Sesuai karo Mazmur 45:4, apa sebabé njenengan sayang karo Yésus?

Njenengan mesthi terkesan wektu Yésus mbéla apa sing bener. (Yoh. 18:37) Tapi apa buktiné Yésus rendah hati?

⁷ Yésus mbuktèkké nèk dhèwèké rendah hati. Misalé, Yésus péngin Yéhuwah waé sing dipuji, dudu dhèwèké. (Mrk. 10:17, 18; Yoh. 5:19) Tapi, kok isa Yésus rendah hati? Merga dhèwèké sayang lan niru Yéhuwah sing ya rendah hati. (Mzm. 18:35; Ibr. 1:3) Njenengan mesthi seneng nèk ndelok wong rendah hati. Dadi, njenengan mesthi sayang lan péngin niru Yésus.

⁸ Yésus kuwi raja sing paling apik. Yéhuwah dhéwé sing nglatih lan milih Yésus dadi raja. (Yés. 50:4, 5) Yésus ya réla berkorban. (Yoh. 13:1) Kuwi sebabé awaké dhéwé sayang karo Yésus. Wong-wong sing sayang karo Yésus bakal manut préntahé. (Yoh. 14:15) Yésus nganggep wong-wong sing kaya ngono sahabat-sahabaté. (Yoh. 15:14, 15) Seneng banget rasané isa dadi sahabaté Yésus.

⁹ Yésus ngongkon bèn murid-muridé dibaptis. (Mat. 28:19, 20) Yésus ya dibaptis. Baptisané Yésus karo baptisané murid-muridé mémang béda. (Deloken kothak "Bédané Baptisané Yésus karo Murid-muridé".) Tapi, ya ana persamaané. Baptisané Yésus dadi bukti nèk sejak kuwi dhèwèké bakal terus nindakké kepénginané Yéhuwah. (Ibr. 10:7) Padha kaya ngono, pas dibap-

tis awaké dhéwé mbuktèkké karo wong-wong nèk bakal terus ngutamakké Yéhuwah. Kuwi ya bukti nèk awaké dhéwé niru Yésus.

¹⁰ Njenengan mesthi wis ngerti akèh soal Yésus. Njenengan ngerti nèk Yésus kuwi Anaké Yéhuwah siji-sijiné, lan sing dipilih Yéhuwah dadi raja. Yésus kuwi rendah hati lan bener-bener niru Bapaké. Pas ing bumi, Yésus mènèhi mangnan akèh wong, menghibur sing susah, lan marèkké sing lara. (Mat. 14:14-21) Yésus ya mimpin jemaat Kristen jaman saiki. (Mat. 23:10) Terus isih akèh berkah liyané sing sukmbèn bakal dirasakké pas Yésus mréntah bumi. Kuwi sebabé njenengan sayang karo Yésus. Mula njenengan péngin niru dhèwèké. (Yoh. 14:21) Nèk niru Yésus, njenengan bakal terus ngutamakké Yéhuwah lan dibaptis.

NRESNANI YÉHUWAH

¹¹ Tapi apa alesan utama njenengan dibaptis? Yésus ngomong, "Kowé kudu nresnani Yéhuwah Gusti Allahmu saktulusé atimu, sepenuh jiwamu, nggunakké kabèh pikiranmu, lan nggunakké kabèh kekuwatanmu." (Mrk. 12:30) Kuwi mesthi sing njenengan rasakké. Njenengan mesthi nresnani Yéhuwah saktulusé ati.

¹² Ana akèh alesané awaké dhéwé sayang karo Yéhuwah. Yéhuwah kuwi "sing mènèhi urip" lan sing mènèhi ka-

7. Menurut njenengan kenapa Yésus rendah hati?

8. Ngapa awaké dhéwé seneng Yésus kuwi rajané awaké dhéwé?

9. Apa persamaané baptisané Yésus karo baptisané murid-muridé?

10. Kenapa njenengan sayang karo Yésus, lan merga sayang njenengan bakal piyé?

11. Kenapa njenengan dibaptis?

12. Kenapa njenengan sayang karo Yéhuwah? (Deloken gambar kanggo paragraf 12-13.)

Bédané Baptisané Yésus karo Murid-muridé



Yésus:

Bangsa Israèl nduwé perjanjian karo Yéhuwah. Merga Yésus wong Israèl, dhèwèké ora perlu nggawé janji nglayani Yéhuwah.—Pa. 19:4-8.

Yésus sampurna. Dhèwèké ora perlu mertobat.—Ibr. 4:15; 1 Ptr. 2:22.



Murid-muridé:

Saiki, ora ana bangsa sing nduwé perjanjian karo Yéhuwah kaya bangsa Israèl mbiyèn. (Kis. 10:34, 35) Murid-muridé Yésus kudu janji nglayani Yéhuwah sakdurungé dibaptis.

Merga ora sampurna, awaké dhéwé kudu mertobat lan njaluk marang Gusti Allah bèn nduwé hati nurani sing apik sakdurungé dibaptis.

—Kis. 2:38; 1 Ptr. 3:21.

bèh "hadiah sing apik lan sing sampurna". (Mzm. 36:9; Yak. 1:17) Kabèh sing apik sing awaké dhéwé nikmati asalé saka Yéhuwah.

¹³ Tebusan kuwi hadiah sing paling berharga saka Yéhuwah. Kok isa? Soalé Yéhuwah karo Yésus cedhak banget. Yésus tau ngomong nèk "Bapak nresnani aku" lan "aku nresnani Bapak". (Yoh. 10:17; 14:31) Yéhuwah karo Yésus wis bareng-bareng nganti milyar-an taun. (WB. 8:22, 23, 30) Coba bayangna wektu Yéhuwah ndelok Yésus

13. Kenapa tebusan kuwi hadiah sing paling berharga saka Yéhuwah?

sengsara nganti mati. Yéhuwah mesthi sedhik banget. Tapi Yéhuwah sayang karo manungsa termasuk njenengan. Mulané, Yéhuwah réla masrahké anaké bèn kabèh manungsa isa urip saklawasé. (Yoh. 3:16; Gal. 2:20) Kuwi sing nggawé awaké dhéwé sayang banget karo Yéhuwah.

¹⁴ Nèk luwih kenal Yéhuwah, njenengan mesthi dadi tambah sayang karo Dhèwèké. Njenengan ya mesthi péngin cedhak karo Yéhuwah nganti sakterusé. Yéhuwah péngin njenengan nggawé

14. Piyé carané njenengan isa bahagia?



Kabèh sing apik asalé saka Yéhuwah
(Deloken paragraf 12-13)

seneng atiné. (WB. 23:15, 16) Tapi piyé carané? Kuwi kétok saka omongan lan perbuatané njenengan. Nèk manut karo Yéhuwah kuwi bukti nèk bener-bener sayang karo Dhèwèké. (1 Yoh. 5:3) Hasilé, njenengan mesthi bahagia.

¹⁵ Piyé carané mbuktèkké nèk sayang karo Yéhuwah? Pertama, njenengan isa ndonga janji ngabdí karo Yéhuwah. (Mzm. 40:8) Terus, bèn wong-wong isa ngerti nèk njenengan saiki nglayani Yéhuwah, njenengan kudu dibaptis. Kaya sing dibahas ing awal artikel iki, acara baptisan mesthi nyenengké banget. Bar dibaptis, njenengan urip kanggo Yéhuwah. (Rm. 14:8; 1 Ptr. 4:1, 2) Mémang kuwi keputusan sing penting banget. Dadi, wajar nèk njenengan mikirké kuwi tenanan. Tapi njenengan mesthi bahagia nèk dibaptis.

15. Piyé carané mbuktèkké nèk sayang karo Yéhuwah?

¹⁶ Yéhuwah kuwi seneng mènèhi. Ora soal sepira akèhé sing njenengan wènèhké kanggo Yéhuwah, Yéhuwah bakal mènèhi luwih akèh. (Mrk. 10:29, 30) Njenengan bakal bahagia lan puas meskipun urip ing donya sing jahat iki. Njenengan isa ngrasakké kuwi nganti saklawasé. Njenengan isa nglayani lan nresnani Yéhuwah nganti sakterusé. Bahkan njenengan isa urip saksuwéné Yéhuwah urip, yaiku saklawasé. —**Wacanen Mazmur 41:12.**

¹⁷ Yéhuwah sing nyiptakké langit bumi sak isiné. Dhèwèké nduwé sak kabèhé. Tapi Yéhuwah ora meksa wong-wong nglayani Dhèwèké. Dadi nèk njenengan gelem nglayani Yéhuwah, njenengan mènèhi sesuatu sing Yéhuwah ora nduwé. (Ayb. 1:8; 41:11; WB. 27:11) Kuwi isa nggawé njenengan

16. Nurut Mazmur 41:12, apa berkahé nèk terus nglayani Yéhuwah?

17. Njenengan isa mènèhi apa kanggo Yéhuwah?

bahagia. Merga sayang karo Yéhuwah, njenengan mesthi péngin dibaptis.

AJA NUNDA-NUNDA

¹⁸ Gelem dibaptis apa ora kuwi keputusané njenengan dhéwé. Tapi coba dipikir, 'Kenapa aku ora ndang dibaptis?' (Kis. 8:36) Kaya sing wis dirembug mau, ana telu alesan kenapa awaké dhéwé gelem dibaptis. Pertama, merga seneng karo apa sing bener. Coba dipikir, 'Apa aku péngin ndelok sukmbèn kabèh wong jujur lan berbuat sing bener?' Keloro, merga sayang karo Yésus. Coba dipikir, 'Apa aku gelem Yésus dadi rajaku lan niru dhèwèké?' Ketelu, merga sayang karo Yéhuwah. Coba renungna, 'Apa aku gelem nglayani Yéhuwah bèn isa nyenengké Dhèwèké?' Nèk jawabané iya, kenapa kok *ora ndang* dibaptis?—Kis. 16:33.

18. Njenengan isa mikirké apa?

¹⁹ Nèk njenengan ragu arep dibaptis, coba pikirna perumpamaané Yésus iki. (**Wacanen Yohanes 4:34.**) Yésus madhakké nglayani Yéhuwah kaya mangan. Mangan ana manfaaté kanggo awaké dhéwé. Nèk diwènèhi panganan sing énak, njenengan ora mungkin nolak, ta? Padha kaya ngono, manut karo Yéhuwah ana manfaaté. Yéhuwah péngin awaké dhéwé dibaptis. (Kis. 2:38) Merga ngerti nèk dibaptis ana manfaaté, njenengan mesthi péngin dibaptis, ta?

²⁰ Kenapa ana sing ora ndang dibaptis? Ana sing ngrasa durung siap. Mémang, dibaptis kuwi keputusan sing paling penting. Dadi, kudu dipikirké tenanan. Tapi nèk wis ana rencana arep dibaptis, piyé carané bèn njenengan isa siap? Kuwi bakal dibahas ing artikel berikuté.

19. Kenapa aja nunda-nunda dibaptis? Wènèhana perumpamaan. (Yohanes 4:34)

20. Apa sing bakal dibahas ing artikel berikuté?

NÈK DIBAPTIS, KENAPA KUWI BUKTI NÈK NJENENGAN . . .

■ seneng karo apa sing bener?

■ sayang karo Yésus?

■ sayang karo Yéhuwah?

LAGU 50

Donga Péngin
Terus Ngabdi

ISINÉ ARTIKEL IKI

Bèn isa dibaptis, alesané kudu bener. Ing artikel iki, awaké dhéwé bakal sinau saka contoné pejabat Étiopia bèn isa ngerti apa waé langkah-langkahé bèn isa dibaptis.

Carané Bèn Siap Dibaptis

"Apa sing ngalangi aku kanggo dibaptis?"—KIS. 8:36.

NDUWÉ kepénginan arep dibaptis kuwi apik. Nèk njenengan wis siap lan para pinituwa wis setuju, aja ditunda-tunda manèh. Njenengan mesthi bahagia nglayani Yéhuwah.

² Tapi, mungkin njenengan dikandhani nèk durung isa dibaptis, utawa njenengan rumangsa nèk durung siap dibaptis. Nèk ngono, terus piyé? Aja putus asa. Njenengan tetep isa berusaha bèn siap dibaptis.

"APA SING NGALANGI AKU?"

³ **Wacanen Kisah 8:36, 38.** Pejabat saka Étiopia takon karo Filipus, "Apa sing ngalangi aku kanggo dibaptis?" Pejabat kuwi péngin banget dibaptis. Tapi, apa dhèwèké mémang wis siap?

⁴ Pejabat Étiopia kuwi "lunga menyang Yérusalèm kanggo ngibadah". (Kis. 8:27) Dadi dhèwèké mesthi wis mèlu agama Yahudi. Dhèwèké mesthi ya wis ngerti soal Yéhuwah saka Kitab-Kitab Ibrani. Tapi, dhèwèké

1-2. Nèk durung siap dibaptis, kenapa aja putus asa? (Deloken gambar halaman 1.)

3. Pejabat Étiopia takon apa karo Filipus? (Kisah 8:36, 38)

4. Apa buktiné pejabat Étiopia mau péngin sinau luwih akèh?



Pejabat Étiopia péngin terus sinau soal Yéhuwah (Deloken paragraf 4)

tetep péngin sinau luwih akèh. Malah pas ketemu Filipus, dhèwèké lagi maca tulisané Nabi Yésaya. (Kis. 8:28) Kuwi bukti nèk pejabat mau ora mung sinau sing gampang-gampang thok.

⁵ Pejabat kuwi nglayani Ratu Kanda-ké. Dhèwèké ”tugasé ngurus kabèh hartané kerajaan”. (Kis. 8:27) Dhèwèké mesthi sibuk banget. Meskipun sibuk, dhèwèké tetep nyisihké wektu kanggo ngibadah. Dhèwèké ora mung *sinau* thok tapi *ngetrapké* sing dipelajari. Mula, dhèwèké gelem lunga adoh saka Étiopia bèn isa ngibadah ing Yéru-salèm. Meskipun perjalanané suwé lan biyané akèh, pejabat Étiopia mau tetep gelem berkorban kanggo Yéhuwah.

⁶ Pejabat Étiopia kuwi dikandhani Filipus soal Mésias kuwi sapa. (Kis. 8:34, 35) Dhèwèké mesthi seneng banget merga ngerti Yésus mati kanggo dhèwèké. Terus bar kuwi piyé? Dhèwèké isa waé tetep dadi wong Yahudi sing diajèni wong akèh. Tapi merga

sayang karo Yéhuwah lan Yésus, dhèwèké gelem dibaptis dadi muridé Yésus. Filipus ngerti nèk wong kuwi mé-mang wis siap. Dadi, Filipus mbaptis dhèwèké.

⁷ Pejabat Étiopia mau ngomong, ”Apa sing ngalangi aku kanggo dibaptis?” Njenengan ya isa yakin kaya ngono nèk niru pejabat Étiopia kuwi. Saiki ayo ngrembug langkah-langkahé bèn isa dibaptis, yaiku terus sinau, ngetrapké sing dipelajari, lan berupaya tambah sayang karo Yéhuwah.

TERUS SINAU

⁸ **Wacanen Yohanes 17:3 lan cathetan ngisor.** Akèh wong gelem sinau Alkitab merga maca ayat kuwi. Tapi, apa njenengan bakal terus sinau? Awaké dhéwé mesthi péngin tambah ”kenal karo . . . siji-sijiné Gusti Allah sing sejati”. (Pkh. 3:11) Malah, awaké dhéwé bakal terus sinau soal Yéhuwah nganti saklawasé. Semakin akèh sing dipelajari soal Yéhuwah, awaké dhéwé bakal saya cedhak karo Yéhuwah.—Mzm. 73:28.

5. Apa buktiné pejabat Étiopia mau ngetrapké sing dipelajari?

6-7. Apa buktiné nèk pejabat Étiopia kuwi tambah sayang karo Yéhuwah?

8. Menurut Yohanes 17:3, awaké dhéwé kudu piyé?

⁹ Wektu sinau soal Yéhuwah, awaké dhéwé sinauné "saka awal". Rasul Paulus kandha nèk kuwi "ajaran sing pertama kali awaké dhéwé sinaoni". (Ibr. 5:12; 6:1) Kuwi dipadhakké kaya susu sing diombé bayi. Merga ngombé susu, bayi isa séhat. Dadi, ajaran sing pertama kali awaké dhéwé sinaoni kuwi ya penting. Tapi, Rasul Paulus ya ngomong nèk awaké dhéwé aja sinau sing gampang-gampang terus. Awaké dhéwé kudu gelem sinau luwih akèh saka Alkitab.

¹⁰ Tapi ana sing ngrasa sinau kuwi ora gampang. Nèk njenengan dhéwé piyé? Pas sekolah, apa njenengan diajari carané sinau? Apa njenengan seneng sinau lan ngrasakké manfaaté? Utawa, apa njenengan ngrasa sinau kuwi marahi mumet? Ora apa-apa nèk njenengan ngrasa kaya ngono. Yéhuwah isa mbantu njenengan. Yéhuwah kuwi guru sing paling apik.

¹¹ Yéhuwah kuwi 'Guru sing hébat'. (Yés. 30:20, 21) Dhèwèké sabar, apikan, lan pangertèn. Yéhuwah ndelok sing apik saka awaké dhéwé. (Mzm. 130:3) Dhèwèké ora tau nuntut awaké dhéwé. Yéhuwah kuwi ya sing ngrancang otak. (Mzm. 139:14) Awaké dhéwé dirancang nduwé kepénginan kanggo sinau nganti sakterusé. Mekané, mulai saiki awaké dhéwé "kudu péngin" sinau omongané Gusti Allah.

9. Bar sinau ajaran sing pertama kali awaké dhéwé sinaoni, awaké dhéwé kudu piyé?

10. Ngapa ana sing ngrasa nèk sinau kuwi ora gampang?

11. Apa buktiné nèk Yéhuwah 'Guru sing hébat'?

(1 Ptr. 2:2) Tapi, ora usah mikir sing muluk-muluk. Coba mulai nggawé jadwal sik waé bèn isa teratur maca lan sinau Alkitab. (Yos. 1:8) Nèk dibantu Yéhuwah, njenengan mesthi isa menikmati pas maca lan ngrenungké soal Yéhuwah.

¹² Coba sinau soal Yésus. Nèk bener-bener niru Yésus, awaké dhéwé isa setya nglayani Yéhuwah meskipun ngadhèpi kesusahan. (1 Ptr. 2:21) Yésus tau ngomong nèk murid-muridé bakal ngadhèpi masalah. (Luk. 14:27, 28) Tapi dhèwèké ya yakin murid-muridé isa setya nganti akhir kaya dhèwèké. (Yoh. 16:33) Dadi, coba pikirna carané niru Yésus saben dina.

¹³ Mung nduwé pengetahuan thok ora cukup. Tujuané awaké dhéwé sinau bèn isa tambah kenal, sayang, lan beriman karo Yéhuwah. (1 Kor. 8:1-3) Bèn imané isa luwih kuwat, njenengan ya kudu ndonga njaluk bantuané Yéhuwah. (Luk. 17:5) Yéhuwah mesthi njawab dongané njenengan kuwi. Nèk nduwé pengetahuan sing bener lan iman sing kuwat, njenengan mesthi isa nggawé keputusan sing apik.—Yak. 2:26.

NGETRAPKÉ SING DIPELAJARI

¹⁴ Rasul Pétrus ngandhani nèk ngetrapké sing dipelajari kuwi penting banget. Dhèwèké nyebutké kisahé Nuh. Yéhuwah ngomong karo Nuh nèk bakal nggawé banjir gedhé kanggo nyingkir-

12. Apa manfaaté sinau soal Yésus?

13. Njenengan kudu terus ndonga bèn apa, lan kenapa?

14. Kenapa kok kudu ngetrapké sing dipelajari? (Deloken gambar kanggo paragraf 14.)


ké wong-wong jahat wektu kuwi. Nèk mung ngerti bakal ana banjir gedhé, apa Nuh sak keluarga isa slamet? Ing Alkitab disebutké nèk **"kapal dibangun"** karo Nuh lan keluargané. (1 Ptr. 3:20) Sesuai karo préntahé Gusti Allah, Nuh sak keluarga nggawé kapal sing gedhé banget. (Ibr. 11:7) Terus Rasul Pétrus ngomong, "Sing kelakon kuwi nglambangké baptisan sing saiki nylameté kowé." (1 Ptr. 3:21) Dadi, upayané awaké dhéwé bèn siap dibaptis isa dipadhakké kaya Nuh sak keluarga sing mbangun kapal. Apa waé sing isa diupayakké bèn siap dibaptis?

¹⁵ Sing pertama, awaké dhéwé kudu mertobat. (Kis. 2:37, 38) Nèk tenanan mertobat, berarti kudu berubah. Apa njenengan wis ora nindakké hubungan sèks sing ora pantes, ngrok, lan misuh-misuh? (1 Kor. 6:9, 10; 2 Kor. 7:1; Éf. 4:29) Nèk durung berhasil mandheg, aja nyerah. Njenengan isa njaluk tulung karo sing ngajari Alkitab utawa para pinituwa ing jemaat. Cah-cah enom ya isa njaluk tulung karo wong tuwané. Njenengan mesthi isa mandheg saka kebiasaan sing ora nyenengké Yéhuwah bèn isa dibaptis.

¹⁶ Awaké dhéwé ya kudu rajin ngibadah lan nginjil. Pas ngibadah ya kudu mènèhi koméntar. (Ibr. 10:24, 25) Semakin kerep nginjil, awaké dhéwé mesthi semakin menikmati. (2 Tim. 4:5) Cah-cah enom, coba pi-

15. Wong sing tenanan mertobat kuduné piyé?

16. Apa mung sekedar teka ngibadah lan nginjil wis cukup?



Sesuai préntahé Yéhuwah, Nuh sak keluarga mbangun kapal lan nyiapké kabèh sing dibutuhké (Deloken paragraf 14)

kirna, 'Apa aku ndadak dikongkon wong tuwaku kanggo mangkat ngibadah utawa nginjil? Utawa apa kuwi merga karepku dhéwé?' Nèk kowé ora perlu dipeksa, kuwi bukti kowé sayang lan menghargai Yéhuwah. Kuwi ya bukti "nèk kowé ngabdi marang Gusti Allah". (2 Ptr. 3:11; Ibr. 13:15) Nèk réla mènèhi kanggo Yéhuwah,

Saben dina, njenengan isa
bersyukur karo Yéhuwah
(Deloken paragraf 19)



Yéhuwah mesthi seneng.—Bandhingna
karo 2 Korintus 9:7.

TAMBAH NRESNANI YÉHUWAH

¹⁷ Njenengan mesthi bakal ngadhepi masalah. Mungkin ana sing ngécé utawa nganiaya njenengan. (2 Tim. 3:12) Pas mèh mandheg saka kebiasaan sing èlèk, isa waé gagal. Utawa, njenengan ngrasa nèk ora mungkin isa dibaptis. Tapi, piyé carané bèn ora nyerah? Nresnani Yéhuwah.

¹⁸ Nresnani Yéhuwah kuwi penting banget. (**Wacanen Wulang Bebasan 3:3-6.**) Nèk nresnani Yéhuwah, njenengan isa ngatasi masalah apa waé. Ing Alkitab, dicritakké nèk Yéhuwah selalu nduduhké katresnan sing langgeng karo umaté. Mula, Yéhuwah ora tau ninggalké umaté. (Mzm. 100:5) Njenengan digawé mirip karo Yéhuwah. (PD. 1:26) Dadi, piyé carané njenengan nduduhké katresnan sing langgeng?

17-18. Njenengan kudu piyé bèn ora nyerah lan isa dibaptis, lan kenapa? (Wulang Bebasan 3:3-6)

¹⁹ Nèk ngucap syukur, kuwi bukti nèk njenengan nresnani Yéhuwah. (1 Tés. 5:18) Saben dina coba pikirna, 'Apa buktiné nèk Yéhuwah sayang karo aku?' Terus, njenengan isa ndonga ngomong maturnuwun karo Yéhuwah. Sebutna siji-siji berkah apa waé sing wis dirasakké saka Yéhuwah. Rasakna nèk Yéhuwah mémang sayang karo njenengan, padha kaya sing dirasakké Rasul Paulus mbiyèn. (**Wacanen Galatia 2:20.**) Bar kuwi njenengan isa mikirké, 'Piyé aku isa mbales Yéhuwah?' Nèk sayang karo Yéhuwah, njenengan bakal nolak godhaan lan tetep setya karo Yéhuwah ora soal apa masalahé. Njenengan ya mesthi bakal tetep semangat wektu ngibadah lan nginjil. Saben dina njenengan isa mbuktèkké nèk sayang karo Yéhuwah.

²⁰ Merga nresnani Yéhuwah, njenengan bakal ndonga janji ngabdi karo Yéhuwah. Kuwi janji sepisan kanggo sak-

19. Piyé carané bèn njenengan isa luwih bersyukur karo Yéhuwah? (Galatia 2:20)

20. Janji arep ngabdi karo Yéhuwah kuwi maksudé apa, lan kenapa kuwi penting?

lawasé. Sejak kuwi, njenengan dadi duwèké Yéhuwah. Njenengan janji bakal terus nglayani Yéhuwah ora soal masalah apa sing diadhepi. Mémang, nggawé keputusan penting kaya ngono kudu dipikirké tenanan. Tapi, keputusan ngabdi karo Yéhuwah kuwi keputusan sing paling apik. (Mzm. 50:14) Sétan bakal terus berusaha bèn njenengan ora sayang manèh karo Yéhuwah. Tapi aja nganti dhèwèké berhasil. (Ayb. 27:5) Nèk bener-bener sayang karo Yéhuwah, njenengan bakal terus éling karo janjiné njenengan lan berusaha bèn tambah cedhak karo Yéhuwah.

²¹ Bar ndonga janji arep ngabdi karo

21. Bar dibaptis, njenengan kudu terus piyé?

Yéhuwah, njenengan isa ngomong karo para pinituwa nèk péngin dibaptis. Bar dibaptis, njenengan bakal terus nglayani Yéhuwah. Dadi mulai saiki, terusa berusaha bèn tambah sayang karo Yéhuwah. Nèk tambah sayang karo Yéhuwah njenengan bakal siap dibaptis. Mémang acara baptisan kuwi nyengké banget, tapi kuwi lagi awalé. Muga-muga njenengan tambah sayang karo Yéhuwah lan Yésus nganti saklawasé.

GAMBAR Halaman 12: Sedulur wédok iki ndonga ngucap syukur karo Yéhuwah.

BÈN ISA DIBAPTIS, KENAPA KOK NJENENGAN KUDU . . .

- terus sinau soal Yéhuwah?
- terus ngetrapké sing dipelajari?
- tambah sayang karo Yéhuwah?

Kenapa ”wong sing nduwé hak nebus” ngomong nèk ’bakal ngrusak tanah warisané’ nèk dhèwèké nikah karo Rut? (Rut 4:1, 6, cathetan ngisor)

■ Mbiyèn ing jaman Alkitab, nèk wong lanang mati lan ora nduwé anak, tanah warisané bakal diapakké? Terus, sapa sing bakal neruské jenengé? Ana keterangan soal kuwi ing Hukum Musa.

Nèk ana wong lanang mati utawa dhèwèké mlarat lan ngedol tanahé terus piyé? Kakangé, adhiné, utawa seduluré sing paling cedhak isa nebus tanah kuwi. Terus, tanahé tetep isa dadi duwèké keluargané wong lanang sing mati kuwi.—Km. 25:23-28; Wi. 27:8-11.

Seduluré wong lanang kuwi kudu nikah karo bojoné wong lanang mau sing wis dadi randha. Terus, anaké bakal neruské jenengé wong lanang sing mati mau lan isa nduwèni tanah warisané. Merga ana aturan kuwi para randha ora bakal terlantar.—PT. 25:5-7; Mat. 22:23-28.

Gatèkna contoné Naomi. Dhèwèké nikah karo wong lanang sing jenengé Èlimèlèkh. Terus, Èlimèlèkh karo anaké lanang loro mati. Dadi, ora ana sing nyukupi kebutuhané Naomi. (Rut 1:1-5) Pas balik ing Yéhuda, Naomi ngongkon mantuné, yaiku Rut, nemoni Boaz, sing nduwé hak kanggo nebus. Boaz kuwi seduluré Èlimèlèkh. (Rut 2:1, 19, 20; 3:1-4) Tapi, Boaz ngerti nèk ana wong liya sing nduwé hak kanggo nebus. Dhèwèké kuwi seduluré Èlimèlèkh sing luwih cedhak. Dadi, kuduné dhèwèké sing nebus.—Rut 3:9, 12, 13.

Awalé ”wong sing nduwé hak nebus” kuwi gelem mbantu. (Rut 4:1-4) Dhèwèké ngertiné, Naomi ora isa nduwé anak manèh. Dadi, meskipun kudu tuku tanahé Naomi, dhèwèké mungkin mikir nèk tanah kuwi bakal dadi duwèké.

Tapi wong kuwi berubah pikiran, soalé dhèwèké lagi ngerti nèk dhèwèké kudu nikah karo Rut. Terus dhèwèké ngomong, ”Aku ora isa nebus kuwi merga aku bakal ngrusak tanah warisané dhéwé.” (Rut 4: 5, 6, cathetan ngisor) Kok isa?

Dadi, nèk dhèwèké utawa wong liya nikah karo Rut, terus nduwé anak, anaké kuwi bakal nampa tanah warisané Èlimèlèkh. Tapi kok isa kuwi ’ngrusak tanah warisané’ wong sing nduwé hak kanggo nebus mau? Mémang ing Alkitab ora disebutké alesané, tapi iki beberapa kemungkinané.

- Pertama, dhèwèké mungkin mikir percuma nebus tanahé Èlimèlèkh. Soalé, tanah kuwi ora bakal dadi duwèké tapi dadi duwèké anaké Rut.
- Koloro, nèk dhèwèké nebus tanahé Èlimèlèkh, dhèwèké kudu nyukupi kebutuhané Naomi karo Rut.
- Ketelu, nèk Rut karo wong sing nduwé hak kanggo nebus mau nduwé anak manèh, tanah warisané kudu dibagi rata kanggo anak-anaké.
- Kepapat, nèk wong sing nduwé hak kanggo nebus kuwi ora nduwé anak liyané, anaké Rut karo wong sing nduwé hak kanggo nebus mau bakal nduwèni tanahé Èlimèlèkh lan tanahé wong sing nduwé hak kanggo nebus mau. Kuwi berarti tanah warisané wong kuwi bakal dipèk karo keturunané Èlimèlèkh. Wong kuwi ora gelem tanah warisané ilang merga mbantu Naomi. Mula, dhèwèké ngongkon wong liya sing nduwé hak kanggo nebus, yaiku Boaz. Boaz gelem nebus tanah warisané Èlimèlèkh ”bèn tanah warisané wong sing wis mati kuwi tetep dadi duwèké keturunané” lan ”jenengé ya ora bakal ilang”.—Rut 4:10.

Wong sing nduwé hak kanggo nebus kuwi kètoké luwih mikirké jenengé lan tanah warisané dhéwé. Tapi jenengé malah ilang, awaké dhéwé saiki malah ora ngerti sapa jenengé wong sing nduwé hak kanggo nebus mau. Dhèwèké ora kaya Boaz sing dadi nènèk moyangé Mésias, yaiku Yésus Kristus. (Mat. 1:5; Luk. 3:23, 32) Kuwi akibaté nèk ora gelem mbantu wong liya.

LAGU 6

Langit Nyiritakké
Kemuliaané Gusti Allah

ISINÉ ARTIKEL IKI

Ciptaané Yéhuwah kuwi luar biasa. Ana sing gedhé banget, misalé matahari, lan ana sing cilik, misalé kembang. Nèk nggatèkké kabèh ciptaané Yéhuwah, awaké dhéwé isa ngerti sipat-sipaté Yéhuwah. Ing artikel iki bakal dibahas kenapa kuwi penting lan piyé carané.

Tambah Kenal Yéhuwah Liwat Ciptaan

”Kèt donya iki diciptakké, manungsa isa ngerti nèk Gusti Allah nduwé kuwasa lan nèk Dhèwèké kuwi bener-bener Gusti Allah senajan Gusti Allah ora kètok, merga sipat-sipat kuwi isa dipahami saka kabèh ciptaané.”—RM. 1:20.

AYUB mesthi ora bakal lali pas omong-omongan karo Yéhuwah. Yéhuwah crita soal ciptaan karo Ayub bèn Ayub ngerti nèk Yéhuwah kuwi wicaksana lan isa dipercaya. Misalé, Yéhuwah isa ngopèni kéwan-kéwan. Dadi, Yéhuwah mesthi isa ngopèni Ayub. (Ayb. 38:39-41; 39: 1, 5, 13-16) Merga nggatèkké ciptaané Yéhuwah, Ayub dadi tambah kenal karo Yéhuwah.

² Nèk nggatèkké ciptaan, awaké dhéwé ya dadi isa tambah kenal karo Yéhuwah. Tapi kuwi mungkin ora gampang. Misalé, sing manggon ing kutha mungkin ora isa kerep ndelok ciptaan. Bahkan sing manggon ing désa mungkin ngrasa ora nduwé wektu kanggo nggatèkké ciptaan. Dadi, ayo dibahas kenapa nggatèkké ciptaan kuwi akèh manfaaté lan piyé carané. Terus, ya bakal dibahas piyé Yéhuwah karo Yésus mulang awaké dhéwé liwat ciptaan.

KENAPA KUDU NGGATÈKKÉ CIPTAAN?

³ Yéhuwah péngin manungsa isa menikmati ciptaan. Mekané pas diciptakké, Adam manggon ing taman sing indah. (PD. 2:8, 9, 15) Dhèwèké dikongkon

1. Piyé Ayub isa tambah kenal karo Yéhuwah?
2. Kenapa ana sing ngrasa nèk nggatèkké ciptaan kuwi ora gampang?
3. Apa buktiné nèk Yéhuwah péngin Adam menikmati ciptaan?

Yéhuwah péngin Adam
menikmati ciptaan lan
njenengi kéwan-kéwan
(Deloken paragraf 3)



ngurus taman kuwi nganti sak donya dadi taman sing indah. Bayangna pas Adam ndelok tanduran-tanduran padha thukul nganti metu godhong lan kembangé. (PD. 2:19, 20) Adam ya dikongkon njenengi kéwan-kéwan, meskipun sakjané Yéhuwah isa dhéwé. Sakdurungé njenengi, Adam mesthi nggatèkké tingkahé kéwan-kéwan kuwi. Kuwi mesthi nyenengké. Adam ya dadi ngerti nèk Yéhuwah wicaksana lan kabèh sing diciptakké indah.

⁴ Awaké dhéwé kudu nggatèkké ciptaan, merga Yéhuwah dhéwé sing ngongkon. Yéhuwah ngomong, "Deloken langit. Sapa sing nyiptakké?" (Yés. 40:26) Yéhuwah nyiptakké alam semesta sak isiné bèn awaké dhéwé isa tambah kenal karo Yéhuwah. (Mzm. 104:24, 25) Coba pikirna carané Yéhuwah ngrancang manungsa. Yéhuwah mènèhi awaké dhéwé panca indra lan kepénginan kanggo menikmati ciptaan. Awaké dhéwé isa ndelok pemandangan, ngrungokké swara-

4. (a) Kenapa kudu nggatèkké ciptaan? (b) Saka kabèh ciptaané Yéhuwah, njenengan paling seneng sing endi?

né kéwan-kéwan, utawa ngambu lan ngrasakké panganan.

⁵ Nèk nggatèkké ciptaan, awaké dhéwé isa ngerti sipat-sipaté Yéhuwah. (**Wacanen Roma 1:20.**) Misalé, kabèh sing diciptakké Yéhuwah kuwi rancangan sing luar biasa. Kuwi bukti nèk Yéhuwah wicaksana. Awaké dhéwé ya isa menikmati macem-macem panganan. Kuwi nduduhké nèk Yéhuwah sayang awaké dhéwé. Nèk nggatèkké ciptaan, awaké dhéwé isa tambah kenal Yéhuwah. Saiki, ayo mbahas piyé Yéhuwah mulang awaké dhéwé liwat ciptaan.

YÉHUWAH MULANG LIWAT CIPTAAN

⁶ **Yéhuwah nduwé jadwal.** Saben taun pas akhir Februari nganti pertengahan Mei, wong Israèl isa ndelok manuk bangau migrasi ing arah utara. Yéhuwah ngandhani wong Israèl, 'Manuk bangau ngerti kapan wektuné kudu pindhah panggonan.' (Yér. 8:7) Wektu ndelok manuk migrasi nurut wektu sing

5. Menurut Roma 1:20, apa manfaaté nèk nggatèkké ciptaan?

6. Awaké dhéwé isa yakin soal apa wektu ndelok manuk migrasi?

wis ditentokké, awaké dhéwé isa yakin nèk wong jahat ya bakal diadili sesuai "wektu sing wis ditentokké" Yéhuwah. —Hab. 2:3.

⁷ **Yéhuwah nguwatké umaté.** Wektu ana kesusahan, Yéhuwah janji nèk umaté bakal kuwat manèh. Yéhuwah ngomong nèk umaté bakal "kaya elang sing mabur dhuwur banget nganggo sayapé". (**Wacanen Yésaya 40:31.**) Manuk elang isa mabur dhuwur padahal ora ngepakké sayapé merga ana aliran udara saka ngisor. Padha kaya ngono, Yéhuwah isa mènèhi umaté kekuwatan. Wektu njenengan ndelok ana manuk mabur dhuwur banget, élinga nèk Yéhuwah isa mbantu njenengan ngatasi masalah.

⁸ **Yéhuwah isa dipercaya.** Yéhuwah ngyakinké Ayub nèk dhèwèké isa percaya karo Yéhuwah. (Ayb. 32:2; 40:6-8) Pas omong-omongan karo Ayub, Yéhuwah nyebutké soal ciptaan-ciptaané, termasuk bintang, awan, lan kilat. Yéhuwah ya ngomongké soal kéwan-kéwan, misalé sapi lanang liar lan jaran. (Ayb. 38:32-35; 39:9, 19, 20) Ciptaan-ciptaan kuwi ndudukké nèk Yéhuwah ora mung mahakuwasa, tapi ya sayang karo manungsa lan wicaksana. Merga omong-omongan karo Yéhuwah, Ayub dadi tambah percaya karo Yéhuwah. (Ayb. 42:1-6) Padha kaya ngono, nèk sinau saka ciptaan, awaké dhéwé isa ngerti nèk Yéhuwah paling

wicaksana lan mahakuwasa. Yéhuwah sanggup lan bakal nyingkirké kabèh masalahé awaké dhéwé. Dadi, awaké dhéwé isa percaya karo Yéhuwah.

YÉSUS MULANG LIWAT CIPTAAN

⁹ Yésus ngerti akèh soal ciptaan. Dhèwèké "tukang sing trampil" sing kerja bareng karo Yéhuwah nyiptakké alam semesta. (WB. 8:30) Pas ing bumi, Yésus mulang murid-muridé liwat ciptaan. Apa waé contoné?

¹⁰ **Yéhuwah sayang karo kabèh wong.** Pas Ceramah ing Gunung, Yésus nyebutké soal matahari lan udan. Mémang kétoké kuwi sepélé, tapi sakjané penting bèn awaké dhéwé isa tetep urip. Yéhuwah nggawé matahari lan udan kanggo kabèh wong. Kuwi bukti nèk Yéhuwah sayang karo kabèh wong. (Mat. 5:43-45) Yésus péngin awaké dhéwé niru Yéhuwah. Dadi, wektu ndelok matahari utawa udan, awaké dhéwé ngerti nèk Yéhuwah ora mbédak-mbédakké. Awaké dhéwé ya dadi péngin nginjil karo kabèh wong.

¹¹ **Yéhuwah nyukupi kebutuhané umaté.** Pas ceramah, Yésus ya ngomong, "Coba deloken manuk-manuk ing langit. Manuk-manuk kuwi ora nyebar benih, ora manèn, lan ora nyimpen panganan. Ning, Bapakmu ing swarga makani manuk-manuk kuwi." Wektu kuwi, sing ngrungokké Yésus ya isa ndelok manuk-manuk mabur ing langit.

7. Awaké dhéwé isa éling soal apa wektu ndelok manuk mabur dhuwur banget? (Yésaya 40:31)

8. Ayub dadi piyé merga nggatèkké ciptaan, lan piyé carané niru Ayub?

9-10. Saka matahari lan udan, awaké dhéwé isa ngerti nèk Yéhuwah piyé?

11. Nèk ndelok manuk ing langit, awaké dhéwé isa yakin soal apa?

Terus Yésus takon, "Kowé kan luwih berharga timbang manuk-manuk kuwi, ta?" (Mat. 6:26) Kuwi bukti nèk Yéhuwah bakal nyukupi kebutuhané awaké dhéwé. (Mat. 6:31, 32) Ana perintis wédok sing isih enom saka Spanyol sing durung nduwé omah. Dhèwèké wis nggolèk omah, tapi durung ana sing cocog. Dhèwèké bingung banget. Tapi sakwisé ndelok manuk-manuk lagi mangnan, dhèwèké dadi ora kuwatir. Dhèwèké crita, "Nèk manuk-manuk waé diopèni, Yéhuwah mesthi ya ngopèni aku." Ora suwé bar kuwi, ana omah sing cocog lan dhèwèké mulai manggon ing kono.

¹² *Yéhuwah nganggep umaté berharga.* Wektu ngongkon murid-muridé nginjil, Yésus nyemangati murid-muridé bèn ora wedi. (**Wacanen Matius 10:29-31.**) Dhèwèké nyebutké soal manuk emprit. Mbiyèn manuk emprit dianggep ora berharga, soalé regané murah banget. Tapi Yésus ngomong, "Ora ana manuk *siji waé* sing tiba ing lemah tanpa dingertèni Bapakmu. . . . Kowé luwih berharga timbang akèh manuk emprit." Kuwi bukti nèk Yéhuwah nggatèkké awaké dhéwé *siji-siji*. Dadi, aja wedi nèk dianiaya. Pas lagi nginjil, murid-muridé Yésus mesthi kelingan karo kata-katané Yésus nèk ndelok manuk emprit. Pas njenengan ndelok manuk mabur, élinga nèk njenengan "luwih berharga timbang akèh manuk emprit". Merga didhukung Yéhuwah,

12. Saka manuk emprit sing dicathet ing Matius 10:29-31, awaké dhéwé isa sinau apa soal Yéhuwah?



Merga ngrenungké ciptaan ing sekitaré, Daud isa ngerti sipat-sipaté Yéhuwah

(Deloken paragraf 14)

njenengan mesthi tetep isa setya meskipun dianiaya.—Mzm. 118:6.

PIYÉ BÈN ISA NGERTI SIPAT-SIPATÉ YÉHUWAH LIWAT CIPTAAN?

¹³ Awaké dhéwé isa ngerti soal Yéhuwah liwat ciptaan. Piyé carané? Awaké dhéwé kudu nyisihké wektu kanggo nggatèkké ciptaan lan ngrenungké sipat-sipaté Yéhuwah. Kuwi ora selalu gampang. Géraldine, sedulur wédok saka Kamerun ngomong, "Aku manggoné ing kutha. Dadi, aku kudu beru-paya tenanan bèn isa nggatèkké ciptaan." Pinituwa sing jenengé Alfonso ngomong, "Aku kudu nyisihké wektu bèn isa nggatèkké ciptaan lan ngrenungké sipat-sipaté Yéhuwah."

¹⁴ Daud mikirké tenanan soal ciptaané Yéhuwah. Dhèwèké ngomong, "Wektu aku ndelok langit sing mbok

13. Awaké dhéwé kudu piyé bèn isa sinau saka ciptaan?

14. Merga ngrenungké ciptaané Yéhuwah, Daud ngerti apa?

gawé, bulan lan bintang sing mbok gawé, aku mikir, 'Manungsa kuwi apa ta, kok nganti Njenengan gelem éling karo dhèwèké?'” (Mzm. 8:3, 4) Daud ora mung kagum pas ndelok langit lan bintang-bintang. Dhèwèké ya ngrenungké soal sapa sing nggawé. Daud dadi ngerti nèk Yéhuwah bener-bener hébat. Daud ya ngrenungké pas dhèwèké isih ing wetengé ibuné. Merga ngrenungké kuwi kabèh, Daud dadi ngerti nèk Yéhuwah kuwi wicaksana banget.—Mzm. 139:14-17.

¹⁵ Njenengan ora perlu lunga adoh bèn isa nggatèkké ciptaan. Saka ciptaan ing sekitaré njenengan, njenengan isa ngerti akèh sipat-sipaté Yéhuwah. Misalé, nèk ngrasakké panasé matahari, njenengan isa ngerti nèk Yéhuwah mahakuwasa. (Yér. 31:35) Nèk ndelok manuk sing lagi nggawé sarang, njenengan isa ngerti nèk Yéhuwah

15. Njenengan isa ngerti soal sipaté Yéhuwah saka ciptaan apa waé? Wènèhana conto. (Mazmur 148: 7-10)

kuwi wicaksana. Pas nggatèkké kirik sing dolanan buntuté, kétok nèk Yéhuwah kuwi Gusti Allah sing bahagia. Terus, nèk ndelok ibu sing dolanan karo bayiné, njenengan isa ngerti nèk Yéhuwah sayang karo manungsa. Ana akèh sing isa dipelajari soal Yéhuwah saka ciptaan, merga kabèh ciptaan muji Yéhuwah.—**Wacanen Mazmur 148:7-10.**

¹⁶ Yéhuwah kuwi wicaksana, mahakuwasa, sayang karo manungsa, lan kabèh sing diciptakké indah. Awaké dhéwé isa ngerti sipat-sipaté Yéhuwah kuwi nèk nggatèkké ciptaan ing sekitaré awaké dhéwé. Muga-muga awaké dhéwé terus nyisihké wektu kanggo nggatèkké ciptaan lan mikirké soal sipat-sipaté Yéhuwah. Awaké dhéwé bakal tambah cedhak karo Yéhuwah. (Yak. 4:8) Ing artikel berikuté, bakal dibahas piyé wong tuwa isa ngajari anak-anaké bèn isa ngerti soal Yéhuwah liwat ciptaan.

16. Apa tékadé njenengan?

APA JAWABANÉ?

- Kenapa kudu nyisihké wektu kanggo nggatèkké ciptaan?
- Piyé Yéhuwah karo Yésus mulang liwat ciptaan?
- Piyé bèn isa ngerti sipat-sipaté Yéhuwah liwat ciptaan?

LAGU 11

Ciptaan Muji Yéhuwah

ISINÉ ARTIKEL IKI

Akèh wong tuwa sing wis ngajari anak-anaké soal Yéhuwah liwat ciptaan. Pas wis gedhé, anak-anak kuwi dadi nduwé iman sing kuwat. Nèk njenengan nduwé anak, piyé carané niru?

Ngajari Anak-Anak soal Yéhuwah Liwat Ciptaan

”Sapa sing nyiptakké bintang?”—YÉS. 40:26.

WONG TUWA mesthi péngin mbantu anak-anaké bèn kenal lan sayang karo Yéhuwah. Tapi, Yéhuwah ora kétok. Dadi, piyé carané wong tuwa mbantu anak-anak ngerti nèk Yéhuwah ana lan isa cedhak karo Dhèwèké?—Yak. 4:8.

² Bèn anak-anak isa cedhak karo Yéhuwah, mesthiné kudu sinau Alkitab karo wong tuwané. (2 Tim. 3:14-17) Tapi, ing Alkitab ana cara liyané manèh. Ing Wulang Bebasan disebutké ana wong tuwa sing ngajari anaké soal Yéhuwah liwat *ciptaan*. (WB. 3:19-21) Ing artikel iki bakal dibahas piyé carané.

CARANÉ NGAJARI ANAK-ANAK LIWAT CIPTAAN

³ Menurut Alkitab, sipat-sipaté Gusti Allah isa ”dipahami saka kabèh ciptaané”. (Rm. 1:20) Wong tuwa mesthi seneng dolan bareng karo anaké, misalé ing taman. Kuwi kesempatan kanggo mbantu anak-anak bèn ngerti sipat-sipaté Yéhuwah liwat ”kabèh ciptaané”. Tapi, piyé carané? Yésus mènèhi conto soal kuwi.

1. Wong tuwa péngin anak-anaké piyé?
2. Piyé carané ngajari anak-anak soal Yéhuwah?
3. Wong tuwa kudu mbantu anak-anak bèn piyé?

⁴ Pas mulang murid-muridé, Yésus tau nyebutké soal manuk gagak lan kembang lili. (**Wacanen Lukas 12: 24, 27-30.**) Sakjané Yésus isa nyebutké sembarang waé, tapi dhèwèké milih manuk karo kembang sing dingertèni karo murid-muridé. Mungkin pas ngrungokké ceramahé Yésus, murid-muridé isa ndelok manuk gagak mabur lan kembang lili thukul. Bayangna pas Yésus nduding manuk lan kembang karo njelaské pelajarané. Yéhuwah kuwi apikan lan murah hati. Nèk manuk gagak lan kembang lili diwènèhi mangan lan diwènèhi klambi, Yéhuwah mesthi ya bakal nyukupi kebutuhané awaké dhéwé.

⁵ Piyé carané wong tuwa niru Yésus? Njenengan isa crita soal ciptaan sing disenengi, misalé tanduran utawa kéwan. Terus, bantunen anak-anak bèn ngerti sipaté Yéhuwah saka ciptaan kuwi. Njenengan ya isa takon anak-anak tanduran utawa kéwan apa sing disenengi. Nèk njenengan mulang soal sipaté Yéhuwah saka ciptaan sing disenengi, anak-anak bakal seneng ngrungokké.

⁶ Apa wong tuwa kudu riset sing akèh sik nèk mèh mulang anak-anak soal ciptaan? Ora mesthi. Yésus ora njelaské manuk gagak mangané apa waé utawa piyé carané kembang lili thukul. Mémang nèk mèh crita sing njli-

4. Piyé carané Yésus ngajari murid-muridé? (Lukas 12:24, 27-30)

5. Wong tuwa isa mulang anak-anak soal Yéhuwah liwat ciptaan apa waé?

6. Piyé carané niru ibuné Christopher?

met karo anak-anak ora apa-apa. Tapi, kerep-kerepé sing sederhana waé wis cukup. Sedulur sing jenengé Christopher crita, "Mbiyèn ibuku seneng ngajari aku karo adhi-adhiku soal ciptaan. Ibuku kerep takon soal ciptaan sing ana ing sekitaré. Misalé, pas ndelok gunung, ibuku takon, 'Gunungé gedhé banget ya, Yéhuwah mesthi luar biasa, ta?' Utawa nèk ing pinggir pantai, ibuku ngomong, 'Ombaké gedhé banget ya? Yéhuwah mesthi kuwat banget.' Meskipun pertanyaané sederhana, tapi kuwi nggawé aku mikirké Yéhuwah."

⁷ Pas anak-anak tambah gedhé, ajaken anak-anak mikirké soal ciptaan. Bantunen anak-anak bèn isa mikir dhéwé. Hasilé, anak-anak isa nyimpulké sipat-sipaté Yéhuwah endi sing isa dipelajari saka ciptaan. Njenengan isa nyebutké salah siji ciptaané Yéhuwah, terus takon, "Menurutmu Yéhuwah sipaté piyé?" Njenengan mesthi seneng krungu jawabané anak-anak sing saka ati.—Mat. 21:16.

KAPAN ISA NGAJARI ANAK-ANAK SOAL YÉHUWAH?

⁸ Wong tuwa ing Israèl dikongkon mulang anak-anaké soal Yéhuwah pas "mlaku ing dalan". (PT. 11:19) Ing Israèl ana akèh kéwan, manuk, lan kembang sing isa didelok pas mlaku. Dadi pas ing perjalanan, wong tuwa isa crita karo anak-anaké soal ciptaané Yéhuwah. Njenengan mesthi ya isa kaya

7. Piyé bèn anak-anak mikirké soal ciptaan?

8. Pas "mlaku ing dalan", wong tuwa ing Israèl isa ngapa?



Meskipun manggon ing kutha, njenengan tetep isa mulang anak-anak soal Yéhuwah liwat ciptaan (Deloken paragraf 10)

ngono. Ayo dibahas beberapa conto sing isa ditiru.

⁹ Punitha sing nduwé anak loro, sing manggon ing kutha gedhé ing India crita, "Wis tau aku sak keluarga lunga ing désa. Pas perjalanan, aku karo anak-anak ngobrol soal ciptaan. Merga dalané sepi, anak-anakku dadi luwih menikmati ciptaan." Anak-anak mesthi ora bakal lali nèk dijak ing panggonan sing indah. Sedulur Katya saka Moldova crita, "Pas isih cilik, aku dijak wong tuwaku lunga ing désa. Aku bersyukur merga kèt cilik diajari wong tuwaku nggatèkké ciptaan lan mikirké Yéhuwah."

¹⁰ Tapi piyé nèk ora isa lunga-lunga?

9. Apa waé sing isa ditiru saka Punitha lan Katya?

10. Piyé nèk ora isa lunga-lunga? (Deloken kothak "Sing Disedhiakké Organisasi".)

Amol saka India crita, "Ing kéné wong tuwa kudu kerja banting tulang kanggo nyukupi kebutuhan keluarga. Terus nèk mèh lunga-lunga ya larang. Tapi nèk pas ing taman utawa balkon omah, kuwi isa dadi kesempatan kanggo nggatèkké ciptaan lan crita soal sipat-sipaté Yéhuwah." Sakjané ing sekitaré awaké dhéwé ana akèh ciptaan sing isa digatèkké, misalé manuk, serangga, tanduran, lan liya-liyané. (Mzm. 104:24) Karina saka Jerman ngomong, "Ibuku seneng kembang. Pas mlaku bareng, ibuku seneng nduduhi kembang." Njenengan ya isa nyetèlké vidéo utawa macakké buku-buku saka organisasi soal ciptaan. Njenengan mesthi isa mulang anak-anak soal Yéhuwah. Saiki ayo nggatèkké sipaté Yéhuwah apa waé sing isa dipelajari saka ciptaan.

Sing Disedhiakké Organisasi

Njenengan isa nggunakké bahan-bahan iki ing jw.org wektu ngajari anak-anak

- Kumpulan artikel lan vidéo "Apa Iki Dirancang?"
- Brosur *Benarkah Kehidupan Diciptakan?*
- Vidéo *Keajaiban Ciptaan Menyingkapkan Kemuliaan Allah*
- Sèri vidéo *Pendapat soal Urip lan Sing Nyiptakké*



Rancangan badané manungsa kuwi bukti nèk Yéhuwah wicaksana (Deloken paragraf 12)

”SIPAT-SIPAT KUWI ISA DIPAHAMI SAKA KABÈH CIPTAANÉ”

¹¹ Bèn anak-anak ngerti nèk Yéhuwah *sayang* manungsa, njenengan isa mba-has soal kéwan sing ngopèni anak-anaké. (Mat. 23:37) Njenengan ya isa nyebutké ciptaan sing jenisé macem-macem. Karina sing disebutké mau ngomong, ”Pas mlaku bareng, ibuku mandheg kanggo ndelok kembang sing indah sing bentuké lan wernané béda-béda. Kuwi bukti nèk Yéhuwah sayang manungsa. Nganti saiki aku ya isih seneng ndeloki kembang-kembang sing warna, bentuk, lan jenisé béda-béda. Aku dadi ngrasakké nèk Yéhuwah sayang manungsa.”

¹² Wong tuwa ya isa mbantu anak-anak bèn ngerti nèk Yéhuwah *wicaksana*. (Rm. 11:33) Misalé, njenengan isa njelaské piyé kok banyu isa dadi awan.

11. Piyé bèn anak-anak ngerti nèk Yéhuwah sayang manungsa?

12. Piyé bèn anak-anak ngerti nèk Yéhuwah wicaksana? (Mazmur 139:14) (Deloken gambar kanggo paragraf 12.)

Terus awan sing akèh banget kuwi isa pindhah ing panggonan liya. (Ayb. 38: 36, 37) Njenengan ya isa nyebutké nèk badané manungsa kuwi rancangan sing luar biasa. (**Wacanen Mazmur 139:14.**) Sedulur Vladimir crita, ”Anakku tau tiba saka sepéda terus luka. Beberapa hari bar kuwi lukané mari dhéwé. Aku karo bojoku ngomong nèk Yéhuwah wis ngrancang badané manungsa bèn isa mari dhéwé. Tapi nèk rancangane manungsa ora isa kaya ngono. Misalé, bar mobil tabrakan mobilé ora isa mulus dhéwé. Anakku dadi ngerti nèk Yéhuwah wicaksana banget.”

¹³ Langit sak isiné kuwi bukti nèk Yéhuwah *kuwat* banget. (**Wacanen Yésaya 40:26.**) Ajaken anak-anak kanggo ndelok langit karo mikirké soal Yéhuwah. Sedulur Tingting saka Taiwan crita, ”Pas cilik, aku dijak kémah karo ibuku. Terus pas bengi, aku ndelok

13. Piyé bèn anak-anak ngerti nèk Yéhuwah kuwat banget? (Yésaya 40:26)

bintang-bintang ing langit. Ibuku ngomong nèk Yéhuwah kuwi kuwat banget merga isa nyiptakké bintang-bintang. Wektu kuwi kanca-kancaku ngojokojoki aku bèn ora manut Yéhuwah. Aku dadi wedi. Tapi merga ndelok ciptaan, aku dadi yakin nèk Yéhuwah sanggup mbantu aku wektu ana masalah. Sakwisé kuwi, aku dadi péngin ngerti luwih akèh soal Yéhuwah lan nduwé tékad sing kuwat kanggo nglayani Yéhuwah.”

¹⁴ Saka ciptaan, kétok nèk Yéhuwah kuwi Gusti Allah sing bahagia lan péngin umaté ya bahagia. Menurut para ilmuwan, kabèh kéwan termasuk manuk lan iwak seneng dolanan. (Ayb. 40:20) Apa anaké njenengan seneng wektu ndelok tingkahé kéwan-kéwan, misalé hamster sing mutermuter utawa kirik sing guling-guling?

14. Piyé bèn anak-anak ngerti nèk Yéhuwah kuwi Gusti Allah sing bahagia?

Wektu anak-anak seneng ndelok tingkahé kéwan, ngomonga nèk Yéhuwah péngin anak-anak bahagia.—1 Tim. 1:11.

MENIKMATI CIPTAAN BARENG SAK KELUARGA

¹⁵ Kadhang anak-anak ora gelem crita soal masalahé karo wong tuwa. Nèk ngono, wong tuwa kudu berupaya ngerti isi atiné anak-anak. (**Wacanen Wulang Bebasan 20:5.**) Coba ajak-en lunga kanggo menikmati alam. Nèk situasiné tenang, anak-anak bakal luwih leluasa crita karo wong tuwa. Sedulur Masahiko saka Taiwan ngomong, ”Pas munggah gunung utawa mlaku ing pinggir pantai karo anak-anak, biasané suasanané santai. Anak-anak dadi leluasa crita lan aku dadi ngerti perasaané.” Katya, sing disebutké mau, ya

15. Piyé bèn wong tuwa ngerti isi atiné anak-anak? (Wulang Bebasan 20:5) (Deloken gambar kanggo paragraf 15.)

Wektu menikmati alam, anak-anak mungkin luwih gelem crita

(Deloken paragraf 15)



ngomong, "Bar mulih sekolah, aku dijak ibuku lunga ing taman. Merga ing kono tenang, aku dadi luwih leluasa crita soal masalahku ing sekolah lan masalah liyané."

¹⁶ Pas menikmati ciptaan bareng-bareng, keluarga isa dadi tambah akrab. Ing Alkitab disebutké nèk ana "wektu kanggo ngguyu" lan "wektu kanggo mlumat-mlumat". (Pkh. 3: 1, 4, cathetan ngisor) Yéhuwah wis nyedhiakké akèh panggonan sing indah ing bumi. Akèh keluarga seneng ndelok alam ing pedésaan, munggah gunung, utawa lunga ing pantai. Anak-anak ya seneng mlayu-mlayu ing taman, ndelok

16. Piyé carané bèn keluarga isa menikmati ciptaan bareng-bareng?

kéwan, utawa kecèh ing kali. Ana akèh kesempatan kanggo menikmati ciptaan bareng karo anak-anak.

¹⁷ Ing donya anyar, awaké dhéwé ora bakal wedi karo kabèh kéwan lan kéwan ya ora bakal wedi karo awaké dhéwé. (Yés. 11:6-9) Awaké dhéwé isa menikmati ciptaan nganti saklawasé. (Mzm. 22:26) Tapi, aja ngentèni nganti donya anyar sik kanggo ngajari anak-anak soal ciptaan. Nèk kèt saiki wis ngajari anak-anak soal Yéhuwah liwat ciptaan, anak-anak bakal niru Raja Daud sing ngomong, "Oh Yéhuwah, ciptaan-Mu kuwi akèh banget."—Mzm. 104:24.

17. Ngapa kok wong tuwa kudu ngajari anak-anak soal ciptaan?

APA JAWABANÉ?

- Apa waé sing isa ditiru saka Yésus sing mulang liwat ciptaan?
- Kapan lan ing endi isa mulang anak-anak soal Yéhuwah liwat ciptaan?
- Apa manfaaté menikmati ciptaan bareng-bareng sak keluarga?

LAGU 106

Tresna Kudu Nyata

ISINÉ ARTIKEL IKI

Akèh wong gelem dadi Seksi-Seksi Yéhuwah merga ndelok awaké dhéwé saling menyayangi. Tapi merga sedulur-sedulur ora sampurna, saling menyayangi ora mesthi gampang. Awaké dhéwé bakal mbahas kenapa nresnani kuwi penting, lan piyé carané niru sikapé Yésus pas ana sing nggawé salah.

”Kabèh Wong Bakal Ngerti Nèk Kowé Kuwi Murid-muridku”

”Nèk saben wong ing antaramu padha-padha nresnani, kabèh wong bakal ngerti nèk kowé kuwi murid-muridku.”

—YOH. 13:35.

BAYANGNA ana suami istri lagi pertama kali teka ing Balai Ibadah. Wong loro kuwi terkesan merga disambut lan kabèh sing teka saling menyayangi. Pas mulih, sing wédok ngomong karo bojoné, ”Seksi Yéhuwah béda ya, wong-wongé nyenengké.”

² Meskipun saling menyayangi, Seksi-Seksi Yéhuwah ora sampurna. (1 Yoh. 1:8) Dadi, wektu tambah kenal karo sedulur-sedulur, mesthi njenengan isa ndelok sipat-sipat èlèké. (Rm. 3:23) Sayangé, ana sing ora nglayani Yéhuwah manèh mung gara-gara kuwi.

³ Coba diwaca manèh ayat téma kanggo artikel iki.

1. Sing pertama kali teka ing Balai Ibadah biasané terkesan merga apa? (Deloken gambar kanggo paragraf 1.)
2. Ngapa kok ana sing ora nglayani Yéhuwah manèh?
3. Murid-muridé Yésus kuwi wong-wong sing kaya apa? (Yohanes 13:34, 35)



Apa sing dipikirké wong-wong wektu ndelok Seksi-Seksi Yéhuwah sing saling menyangi?
(Deloken paragraf 1)

(Wacanen Yohanes 13:34, 35.) Piyé bèn wong-wong ngerti sapa murid-muridé Yésus? Menurut Alkitab, murid-muridé Yésus ora kudu sampurna, tapi kudu saling menyangi. Yésus ya ngomong, **”Kabèh wong bakal ngerti nèk kowé kuwi murid-muridku.”** Kuwi berarti ora mung awaké dhéwé, tapi wong liya ya isa ngerti nèk murid-muridé Yésus kuwi wong-wong sing saling menyangi.

⁴ Wong-wong sing ora nyembah Yéhuwah mungkin mikir, ‘Kenapa kok katresnan sing dadi tandhané murid-muridé Yésus? Apa buktiné nèk Yésus nresnani murid-muridé? Apa awaké dhéwé mémang isa niru Yésus?’ Meskipun wis dibaptis, awaké dhéwé tetep

4. Pertanyaan apa waé sing dipikirké wong-wong?

perlu mikirké pertanyaan-pertanyaan kuwi. Nèk ngono, awaké dhéwé isa luwih nresnani wong liya apa manèh nèk ana sing nggawé jèngkèl.—Éf. 5:2.

KENAPA KATRESNAN SING DADI TANDHANÉ MURID-MURIDÉ YÉSUS?

⁵ Katresnan sing diduduhké murid-muridé Yésus kuwi béda. **(Wacanen Yohanes 15:12, 13.)** Yésus ngomong, ”Iki préntahku, yaiku supaya kowé padha-padha nresnani *kaya aku wis nresnani kowé.*” Kuwi berarti murid-muridé Yésus kudu nresnani nganti réla mati kanggo sedulur-seduluré.*

* Deloken buku *”Mari Jadilah Pengikutku”* Pasal 17, paragraf 10-11.

5. Apa maksudé kata-katané Yésus ing Yohanes 15:12, 13?

⁶ Yéhuwah ngandhani liwat Alkitab nèk katresnan kuwi penting banget. Akèh sing seneng karo ayat-ayat iki, "Gusti Allah kuwi katresnan." (1 Yoh. 4:8) "Kowé kudu nresnani wong liya kaya nresnani awakmu dhéwé." (Mat. 22:39) "Katresnan nutupi akèh banget dosa." (1 Ptr. 4:8, cathetan ngisor) "Katresnan kuwi ora ana entèké." (1 Kor. 13:8) Jelas, katresnan kuwi sipat sing penting banget.

⁷ Tapi apa mémang isa ngerti agama endi sing bener? Kabèh agama ngakuné ngajarké sing bener, tapi ajarané kabèh béda-béda. Akèh wong dadi bingung merga Sétan nggawé akèh agama palsu. Tapi, Sétan ora isa nggawé agama sing kabèh anggotané sak donya saling menyayangi. Mung Yéhuwah sing isa, merga katresnan asalé saka Yéhuwah. (1 Yoh. 4:7) Kuwi sebabé Yésus ngandhani nèk katresnan kuwi tandhané murid-muridé.

⁸ Kaya ramalané Yésus, wong liya isa ngerti agama sing bener merga anggotané saling menyayangi. Gatèkna pengalamané Sedulur Ian sing pertama kali teka ing pertemuan gabungan wilayah. Kuwi dianakké ing gedhung olahraga cedhak omahé. Beberapa bulan sakdurungé, dhèwèké teka ing gedhung olahraga kuwi kanggo nde-

6. Saka endi awaké dhéwé ngerti katresnan kuwi penting banget?

7. Kenapa Sétan ora isa nggawé agama sing anggotané kabèh saling menyayangi?

8-9. Apa hasilé merga Seksi-Seksi Yéhuwah saling menyayangi?

lok pertandingan olahraga. Dhèwèké crita, "Acara pertemuan gabungan wilayah béda banget karo pertandingan olahraga. Seksi-Seksi Yéhuwah sopan-sopan, klabiné rapi, lan anak-anaké gampang diatur. Wektu ketemu wong-wong kuwi, aku ngrasakké kedamaian lan kebahagiaan. Wis suwé aku péngin ngrasakké kuwi. Aku ora kelingan babar blas kabèh ceramah sing disampèkké, tapi aku ora bakal lali sikapé Seksi-Seksi Yéhuwah."* Seksi-Seksi Yéhuwah isa kaya ngono merga wong-wongé saling menyayangi. Merga nresnani, awaké dhéwé ngajèni lan apikan karo sedulur-sedulur.

⁹ Sedulur John ya nduwé pengalaman sing padha pas pertama kali teka ing pertemuan ibadah. Dhèwèké crita, "Aku terkesan merga kabèh wong-wongé ramah. Wong-wongé wis kaya malaékat. Anggotané kabèh saling menyayangi. Aku dadi yakin nèk iki agama sing bener."# Ana akèh banget pengalaman kaya ngono sing mbuktèkké nèk Seksi-Seksi Yéhuwah agama sing bener.

¹⁰ Kaya sing disebutké mau, sedulur-sedulur ora sampurna. Dadi isa waé ana sing nggawé salah.[^] (Yak. 3:2)

* Deloken artikel "Akhirnya, Hidup Saya Bertujuan" ing *Menara Pengawal* 1 November 2012, halaman 13-14.

Deloken artikel "Kehidupan Saya Kelihatannya Menyenangkan" ing *Menara Pengawal* 1 Mei 2012, halaman 18-19.

[^] Sing dirembug artikel iki dudu dosa gedhé sing kudu ditangani pinituwa kaya sing dirembug ing 1 Korintus 6: 9, 10.

10. Kapan isa mbuktèkké nèk sayang karo sedulur seiman? (Deloken cathetan ngisor.)



Yésus tetep sabar meskipun murid-muridé nduwé sipat-sipat sing èlèk

(Deloken paragraf 11-13)

Kuwi sakjané kesempatan isa mbuk-tèkké nèk bener-bener sayang karo sedulur-sedulur. Yésus mènèhi conto sing apik soal kuwi.—Yoh. 13:15.

APA BUKTINÉ YÉSUS NRESNANI MURID-MURIDÉ?

¹¹ Yésus ora nuntut murid-muridé kudu sampurna. Dhèwèké sabar mban-tu murid-muridé nglawan sipat-sipat sing èlèk. Misalé, Yakobus karo Yohan-es tau ngongkon ibuné ngomong karo Yésus, bèn isa lungguh ing sebelahé Yésus ing Kerajaané. (Mat. 20:20, 21)

11. Yakobus karo Yohanes nduwé sipat èlèk apa? (Deloken gambar kanggo paragraf 11.)

Kuwi bukti nèk Yakobus karo Yohanes sombong.—WB. 16:18.

¹² Ora mung Yakobus karo Yohanes sing nduwé sipat-sipat èlèk. Ing Alkitab disebutké, "Wektu krungu soal kuwi, sepuluh murid liyané nesu karo Ya-kobus lan Yohanes." (Mat. 20:24) Ba-ayangna wektu Yakobus, Yohanes, lan murid-murid liyané padu. Mungkin ana sing ngomong, 'Mémangé kowé sapa kok péngin kedudukan sing dhuwur? Sing kerja bareng karo Yésus kan ora mung kowé thok. Murid-murid liyané ya pantes éntuk kedudukan sing padha

12. Apa mung Yakobus karo Yohanes sing nduwé sipat-sipat èlèk? Jelasna.

kaya kowé.' Wektu kuwi murid-murid ora nduduhké katresnan.

¹³ Apa Yésus nesu? Ora. Yésus ora ngomong nèk arep nggolèk rasul liyané sing luwih rendah hati lan isa nresnani. Tapi Yésus tetep sabar mbantu, merga ngerti nèk murid-muridé asliné wong apik. **(Wacanen Matius 20:25-28.)** Yésus tetep apikan meskipun para rasul bola-bali padu soal sapa sing paling penting.—Mrk. 9:34; Luk. 22:24.

¹⁴ Yésus mesthi mikirké latar belakagé murid-muridé. (Yoh. 2:24, 25) Kèt cilik, wong-wong kuwi diajari karo pemimpin agama nèk kudu dadi wong sing kedudukané paling dhuwur. (Mat. 23:6) Para pemimpin agama Yahudi ya rumangsa sing bener dhéwé.* (Luk. 18:9-12) Yésus ngerti nèk murid-muridé isa waé terpengaruh karo pandhangan kaya ngono. (WB. 19:11) Mankané, Yésus ora nuntut lan ora nesu wektu murid-muridé nggawé salah. Dhèwèké ngerti nèk murid-muridé asliné wong apik. Dadi, Yésus sabar mbantu murid-muridé ora sombong lan isa nresnani.

PIYÉ CARANÉ NIRU YÉSUS?

¹⁵ Akèh sing isa dipelajari saka pe-

* Belakangan ana rabi sing tau ngomong, "Ing donya iki paling ora ana wong 30 sing bener kaya Abraham. Nèk ana 30, aku karo anakku termasuk. Nèk ana sepuluh, aku karo anakku termasuk. Nèk ana lima, aku karo anakku termasuk. Nèk mung loro, kuwi aku karo anakku. Tapi nèk mung siji, kuwi aku."

13. Yésus piyé pas para rasul padu? (Matius 20:25-28)

14. Latar belakagé murid-muridé Yésus piyé?

15. Apa sing isa dipelajari saka peristiwa pas para rasul padu?

ristiwa pas rasul-rasul padu. Yakobus karo Yohanes mémang salah merga njaluk kedudukan sing luwih dhuwur. Tapi para rasul liyané ya salah merga ora berusaha bèn tetep rukun. Meskipun ngono, Yésus tetep sabar. Apa pelajarané? Mémang wong liya isa nggawé salah, tapi sing penting piyé **tanggapané** awaké dhéwé. Wektu ana sing nggawé jèngkèl, coba dipikirké, 'Mémangé dhèwèké ngapa, kok aku nganti jèngkèl? Apa ana sipatku sing èlèk sing kudu tak ubah? Apa mungkin dhèwèké lagi ana masalah? Bahkan nèk aku bener, isa ora nèk tak ampuni waé?' Nèk nresnani sedulur-sedulur, kuwi bukti awaké dhéwé muridé Yésus.

¹⁶ Nèk niru Yésus, awaké dhéwé bakal berusaha luwih kenal karo sedulur-sedulur. (WB. 20:5) Mémang Yésus isa ngerti isi atiné wong liya. Awaké dhéwé ora isa. Tapi nèk luwih kenal karo sedulur-sedulur, awaké dhéwé ya isa sabar. (Éf. 4:1, 2; 1 Ptr. 3:8) Gatèkna pengalaman iki.

¹⁷ Pinituwa wilayah sing nglayani ing Afrika Timur crita nèk ana sedulur sing njèngkèlké banget. Dhèwèké ngomong, "Aku ora ngedohi, tapi berupaya luwih kenal karo sedulur kuwi." Pas ngobrol-ngobrol, dhèwèké dadi ngerti piyé sedulur kuwi didhidhik karo wong tuwané mbiyèn. Pinituwa wilayah kuwi ngomong, "Merga ngerti dhèwèké berjuang te-

16. Apa manèh sing isa ditiru saka Yésus?

17. Apa hasilé merga pinituwa wilayah kuwi berusaha luwih kenal karo sedulur seiman?

nanan bèn isa bergaul karo sedulur-sedulur, aku dadi kagum. Malah, aku karo dhèwèké dadi akrab banget.” Nèk luwih kenal karo sedulur-sedulur, awaké dhéwé isa luwih gampang nresnani.

¹⁸ Kadhang, awaké dhéwé ngrasa nèk kudu mbahas masalahé karo wong sing marahi jèngkèl. Tapi sakdurungé kuwi, coba pikirna, 'Apa aku ngerti masalahé sakjané apa?' (WB. 18:13) 'Apa mungkin dhèwèké ora sengaja?' (Pkh. 7:20) 'Apa aku ya tau nggawé kesalahan sing padha?' (Pkh. 7:21, 22) 'Nèk aku mbahas masalahé karo dhèwèké, masalahé rampung,

18. Apa sing isa dipikirké nèk ana sing nggawé jèngkèl? (Wulang Bebasan 26:20)

apa malah tambah gedhé?' (**Wacanen Wulang Bebasan 26:20.**) Sakwisé mikirké pertanyaan-pertanyaan kuwi, mungkin awaké dhéwé milih ngampuni waé.

¹⁹ Seksi-Seksi Yéhuwah wis terbukti dadi murid-muridé Yésus merga saling menyayangi. Njenengan masing-masing isa mbuktèkké dadi muridé Yésus, nèk terus nresnani sedulur-sedulur meskipun ora sampurna. Njenengan isa mbantu wong liya ngerti nèk Seksi-Seksi Yéhuwah kuwi agama sing bener, bèn wong-wong kuwi gelem nglayani Yéhuwah, Gusti Allah katresnan.

19. Apa tékadé njenengan?

APA JAWABANÉ?

- Kenapa kok katresnan sing dadi tandhané murid-muridé Yésus?
- Apa buktiné nèk Yésus nresnani murid-muridé?
- Piyé carané niru Yésus?

WARTA PENTING

BAB KRATONÉ YÉHUWAH

March 2023 | Vol. 144, No. 3 JAVANESE

ISINÉ MAJALAH IKI

Artikel Pelajaran 10: 1-7 Mei 2

Ngapa Kudu Dibaptis?

Artikel Pelajaran 11: 8-14 Mei 8

Carané Bèn Siap Dibaptis

PITAKONANÉ SING MACA 14

Artikel Pelajaran 12: 15-21 Mei 15

Tambah Kenal Yéhuwah Liwat Ciptaan

Artikel Pelajaran 13: 22-28 Mei 20

Ngajari Anak-Anak soal Yéhuwah Liwat Ciptaan

Artikel Pelajaran 14: 29 Mei–4 Juni 26

”Kabèh Wong Bakal Ngerti Nèk Kowé Kuwi Murid-muridku”

Cobanen Iki 32

Majalah iki ora diedol, ning hasil sumbangan sukaréla wong-wong sak donya. Majalah iki digawé kanggo mbantu sinau Alkitab. Nèk arep nyumbang, deloken donate.jw.org.

Ayat-ayat ing majalah iki dijupuk saka *Kitab Suci Terjemahan Donya Anyar*, kecuali disebutké sumberé.

The Watchtower (ISSN 0043-1087) March 2023 is published by Watchtower Bible and Tract Society of New York, Inc.; Harold L. Corkern, President; Mark L. Questell, Secretary-Treasurer; 1000 Red Mills Road, Wallkill, NY 12589-3299. © 2022 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania. Printed in Japan.

COBANEN IKI

Manfaaté Bagéan ”Apa sing Anyar”

Ing jw.org, ana bagéan ”Apa sing Anyar” utawa ing *JW Library*® bagéan ”Terbaru”. Isiné vidéo lan bacaan sing paling anyar. Apa manfaaté bagéan kuwi?

JW Library

- Nèk ana artikel sing anyar, bagéan ”Kumpulan Artikel” bakal diperbarui, lan kuwi muncul ing bagéan ”Terbaru”. Nèk wis muncul, isa di-*download* lan diwaca. Urutan artikelé sesuai karo tanggal kuwi dirilis. Sing paling ndhuwur kuwi artikel sing paling anyar.
- Ing bagéan ”Terbaru” ya ana bacaan-bacaan liyané, misalé majalah. Bacaan-bacaan kuwi mungkin ora langsung rampung diwaca. Nèk ngono, bacaané isa ditambahké ing bagéan ”Favorit” bèn luwih gampang nèk arep maca manèh.

JW.ORG

Ana beberapa sing ora muncul ing *JW Library*, tapi muncul ing jw.org. Kuwi termasuk berita lan pengumuman. Dadi, aja lali mbukak bagéan ”Apa sing Anyar” ing jw.org.

GAMBAR HALAMAN 1:

Wong-wong sing sinau Alkitab dibaptis (Deloken artikel pelajaran 11, paragraf 1-2)

Bukaken situs wèb jw.org, utawa *scan* kode iki



w23.03-JA
22-1025